

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Gelarna sastra téh, lian ti minangka gambaran pangalaman hirupna pangarang bisa ogé minangka gambaran hirup kumbuhna masarakat sabudeureunana, nu ngagambarkeun rupa-rupa ajén hirup manusa. Ku ayana karya sastra, masarakat bisa digambarkeun kana kahirupanana. Hubunganana jeung masarakat, sastra bisa ditilik salaku salah sahiji *gejala sosial* patali jeung ajén-ajén adat istiadat nu lumangsung di éta masarakat. Éta réaksi sosial téh ku pangarang diolah, diréka-réka, jeung diéntépseureuhkeun jadi struktur karya nu gumulung tur miboga otonomi salaku hiji teks.

Minangka produk seni anu kréatif, karya sastra diuwuh ku ajén-ajén nu luhung. Karya sastra ogé jadi média pikeun ngébréhkeun ideu, gagasan, sarta sistem mikir manusa. Salaku karya nu linuhung, sastra diperedih pikeun ngahasilkeun kréasi anu éndah tur jadi bahan pikeun ngamalarkeun kaéndahan-kaéndahan, dina nyumponan kabutuh manusa sacara lahiriah jeung batiniah. Ku kituna, karya sastra jadi média kréatif pangarang dina ngébréhkeun jeung nyurahan kahirupan manusa. Éta ébréhan rasa téh ngajanggélék jadi karya sastra, tuluy diwadahan kana wadah anu dianggap merenah ku sastrawan, nya éta dina wanda prosa, puisi, atawa (naskah) drama.

Carita pondok minangka salah sahiji warna tina wangun prosa, tangtu dina prosés nyieunna, moal bisa leupas tina kahirupan manusa. Najan sipat caritana mangrupa rékaan pangarangna, tapi dina nyiptakeunana moal leupas tina kondisi sosial masarakat sabudeureunana. Kondisi sosial nu digambarkeun téh, di antarana situasi jeung kondisi kamanusaan, kapekaan batin, moral, jeung atikan. Patali jeung éta, karya sastra téh teu ukur

mibanda sipat éndah (*dulce*), anu bisa méré kanikmatan ka anu macana, tapi karya sastra ogé méré mangpaat (*utile*) ka nu macana.

Dina kasusastraan Sunda, carita pondok téh saenyana minangka karya nu asalna ti bangsa Éropah, waktu ayana inpasi pamaréntah Walanda di Indonésia. Tapi kakara dina abad ka-19 panungtung, wangun prosa modérn (hususna carita pondok) réa ditarulis, tapi harita mah istilah nyebutna téh lain carita pondok, tapi carita. Kalan-kalan aya ogé anu Masing-masingkeun kana dongéng. Lobana karangan anu ditarulis téh pangpangna mah waktu ayana kagiatan literasi modérn di masarakat Sunda anu dicirian ku munculna budaya cetak. Munculna budaya cetak tétéla mangaruhan pisan ka para elit pribumi Sunda. Salah sahijina R. Moehamad Moesa, anu kungsi jadi *holfd*-panghulu Limbangan .

Perlu dicatet ogé, yén kahirupan carpon Sunda téh saenyana leuwih ceuyah di majalah-majalah batan buku. Jadi kamungkinanna réa carpon-carpon Sunda anu bacacaran di majalah, ajénna leuwih hadé batan anu geus dikumpulkeun dina buku. Sebut waé Wahyu Wibisana, anu tepi kiwari tacan ngabukukeun carpon-carponna. Malah dina kamekaranana carpon-carpon Sunda ogé umumna mah masih sumebar ngaliwatan majalah jeung surat kabar Sunda, anu nepi ka kiwari henteu robah. Upama aya buku kumpulan atawa antologi carpon anu medal, méh ampir kabéh carponna kungsi dimuat dina salasahiji majalah atawa surat kabar.

Anu jadi pasualan poko mah lain soal sumebarna, tapi saperti kumaha kaayaan carpon-carpon Sunda ayeuna? Saperti kumaha eusi carita nu hayang ditepikeun ka nu macana? Satuluyna saperti kumaha ajén étópédagogik Sunda nu nyangkaruk dina eusi carita? Ieu pertanyaan téh tangtu perlu dijawab, pikeun ngajawabna taya lian ku jalan ngayakeun panalungtikan.

Sakumaha nu geus didadarkeun saméméhna yén eusi carita pondok téh minangka eunteung kahirupan manusa, anu tangtu moal ngalésotkeun ajén-inajén di jerona. Ieu ajén-inajén anu satuluyna bisa dimangpaatkeun, laju

dijadikeun cecekelan dina hirup kumbuh di masarakat, utamana dina dunya atikan. Lantaran éta, karya sastra ogé minangka média pikeun nepikeun hal-hal nu dianggap hadé, goréng, bener, jeung salah luyu jeung gagasan nu ditulis ku pangarang.

Mémang dunya atikan téh jadi lolongkrang gedé dina ngawanohkeun deui ajén-inajén nu nyangkaruk dina karya sastra. Ku lantaran kitu, panalungtik nyoba-nyoba nalungtik kumaha ajén-inajén nu nyangkaruk dina kumpulan carita pondok Sunda kabéhdieunakeun, pikeun dijadikeun cecekelan hirup dina dunya atikan.

Diwanohkeunanan ajén-inajén karya sastra, hususna carpon téh panginditan tina pasukan nu disanghareupan ku masarakat ayeuna. Parobahan jaman modéren jeung global anu kiwari geus ngarobah masarakat, kaasup generasi ngora anu mopohokeun kana idéntitas masarakatna, anu geus robah moral jeung étikana, jeung geus mopohokeun ajén-inajén ageman nu geus aya saméméhna. Upamana, urang Sunda leungit kasundaanana; Urang Jawa leungit kajawaanana; moral masarakat nu robah jadi apatis, konsumtif, individualis; jrrd. Pikeun memener ngaropéa, jeung ngawewegan éta hal, lingkungan sakola téh jadi salah sahiji tarékahna, ku cara melak, nancebkeun ajén-inajén kahirupan masarakat nu dijerona ngandung moral, étika, sawangan hirup, hadé, goréng, salah, bener, jsb.

Mémang réa cara pikeun melak jeung nancebkeun ajén-inajén ngeunaan kahirupan, salah sahijina ku jalan ngawanohkeun deui karya sastra, hususna carita pondok. Mikawanoh jeung nyangkem ajén carita pondok minangka produk kreativitas, nu saéstuna lain ngan saukur nambahan wawasan, tapi ogé nambahan kanyaho nu anyar ngeunaan kabudayaan jeung tata kahirupan dina kahirupan masarakat séjénna.

Ngawanohkeun carpon-carpon Sunda jadi salah sahiji jalanna. Tapi anu disebut ngawanohkeun hususna ka siswa téh perlu diwatesan. Lantaran éta, dina ieu panalungtikan téh dihususkeun carpon karya Ahmad Bakri. Salian ti éta, nu dijadikeun objék panalungtikan téh lain carpon-carpon nu

sumebar di média masa, tapi anu geus dibukukeun, dina harti buku kumpulan 3 carpon Ahmad Bakri jadi objékna. Anapon di antara kumpulan buku carpon Ahmad Bakri anu dijadikeun objék panalungtikan téh nyaéta *Lebé Kabayan, Nadran jeung Ki Merebot*.

Pikeun nyangking ma'na jeung ajén nu nyangkaruk dina hiji carita pondok, diperlukeun pamarekan jeung ulikan sastra. Anapon nu jadi pamarekan téh nyaéta étnopedagogik, sedeng nu jadi ulikanana nyaéta struktural. Nurutkeun Iskandarwassid (1996, kc. 153), anu disebut struktur dina karya sastra téh nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra; gembleng tur boga ma'na. Ieu ma'na anu satuluyna nyampak dina eusi carita. Anapon ma'na anu diguar dina carpon nu ditalungtik téh nyaéta ma'na anu aya patalina jeung widang atikan.

Dina hasanah panalungtikan sastra Sunda, panalungtikan karya sastra nu maké tilikan strukturalisme jeung nu sawandana kungsi aya nu nalungtik nyaéta, “Kumpulan Carita Pondok *Panggung Wayang* (Tilikan Strukturalisme jeung Psikologi Sastra)”, mangrupa hasil panalungtikan Roni Suryana Saputra, dina taun 2013; Panalungtikan nu maké ulikan strukturalisme dina kumpulan carpon nya éta ku Barkatun Nisa Alfia dina wangun tésis 2013, kalawan jejer panalungtikan “Ajén-inajén Carpon *Guriang Tujuh jeung Surat keur ka Sawarga* Karya Sastrawati Sunda Patrem (Tilikan Struktural, Semiotik, jeung Sosiologi Sastra)”. Ku kasang tukang ayana panalungtikan éta saacanna, ku kituna panalungtikan anu judulna” KUMPULAN CARPON KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA (Ulikan Struktural jeung Etnopedagogik)” perlu diayakeun.

## 1.2 Rumusan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang masalah, sangkan ambahanana teu lega teuing, ieu panalungtikan perlu diwatesanan.

Nur Aisah, 2019

**KUMPULAN CARPON KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Watesan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha struktur carita dina kumpulan carpon karya Ahmad Bakri?
- 2) Ajén étnopedagogik naon waé anu aya dina tilu carpon karya Ahmad Bakri ?
- 3) Luyu henteu kumpulan carpon karya Ahmad Bakri dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon di SMA?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta, pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun gaya basa, ajén struktural jeung bahan ajar pikeun SMA dina buku karangan Ahmad Bakri.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan mibanda tujuan nu hayang dihontal nyaéta pikeun :

- 1) Ngadéskripsikeun struktur carita tina kumpulan carpon Karya Ahmad Bakri.
- 2) ngadéskripsikeun ajén étnopedagogik anu aya dina kumpulan carpon karya Ahmad Bakri.
- 3) ngadéskripsikeun naha saluyu kumpulan carpon Ahmad Bakri jadi alternatif bahan pangajaran maca Carpon di SMA.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana mangpaat nu sipatna teoritis jeung nu sipatna praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh bisa méré wawasan anu jembar pikeun ngeuyeuban paélmuan sastra jeung kamekaran élmu pangaweruh dina widang sastra Sunda, utamana dina tataran étnopédagogik, nu bisa dijadikeun eunteung jeung cecekelan dina nyorang kahirupan.

### 1.4.2. Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik jeung nu maca.

- 1) Pikeun panalungtik, ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan ajén struktural, étnopedagogik jeung bahan ajar Sunda dina buku karangan Ahmad Bakri.
- 2) Pikeun nu maca, tina ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh sastra, basa, jeung ajén struktural. Bisa dijadikeun sumber inspirasi pikeun sastrawan modern dina nyuguhkeun karya sastra nu kualitasna luyu jeung ajén atikan nu aya di Sunda hususna.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun kana lima bab kalawan ngagunakeun struktur organisasi saperti ieu di handap:

**BAB I** : Bubuka

Medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis panalungtikan.

**BAB II** : Ulikan Tiori

Medar tiori anu baris dipaké dina nganalisis tilu buku kumpulan carpon anu medal taun 2014. Tiori anu baris dipedar nya éta (1) carita pondok; (2) struktur carita pondok; jeung (3)

ajén étnopédagogik, (4) Teori pangajaran, jeung (5) raraga mikir.

- BAB III** : Métoeu Panalungtikan,  
Medar ngeunaan desain panalungtikan,  
métoeu panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan,  
téhnik ngumpulkeun data, léngkah-léngkah ngumpulkeun data,  
téhnik analisis data, jeung léngkah-léngkah analisis data.
- BAB IV** : Hasil jeung Pedaran  
Medar hasil jeung bahasan panalungtikan anu ngawengku,  
ringkesan carita dina tilu kumpulan carita pondok, hasil  
analisis unsur struktural, jeung ajén étnopédagogik dina tilu  
buku kumpulan carpon.
- Bab V** : Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi  
Medar kacindekan tina hasil analisis data anu dipedar dina bab  
saméméhna ogé ngébréhkeun rékoméndasi pikeun kamekaran  
élmu pangaweruh dina widang atikan jeung panalungtikan ka  
hareupna.